

BAB III

MÉTODE PANALUNGTIKAN


3.1 Data jeung Sumber Data

Ieu panalungtikan téh medar perkara aspék tatakrama masarakat Sunda. Pikeun maluruh éta tatakrama téh diperlukeun ayana data. Demi data nu digunakeun nya éta babasan jeung paribasa Sunda. Numutkeun Arikunto (2010:172) yén nu dimaksud sumber data panalungtikan téh nya éta subjek data-data anu kacangking ku panalungtik. Ku sabab kitu, ieu panalungtikan téh merlukeun ayana sumber data anu satuluyna dijadikeun data panalungtikan. Anapon sumber data anu dijadikeun data dina ieu panalungtikan nya éta babasan jeung paribasa Sunda. Aya dua sumber data dina ieu panalungtikan: 1) mangrupa data primér, nya éta babasan jeung paribasa Sunda anu asalana ti panutur asli urang Sunda; 2) data skundér, nya éta babasan jeung paribasa Sunda anu geus dikumpulkeun dina wangun buku nu disusun ku sababaraha urang pangarang.

Lantaran kawatesanan ku waktu jeung tinimbangan aspék éfésiénsi ieu panalungtikan, mangka dina ieu panalungtikan sumber data anu digunakeun téh nya éta sumber data skundér nu mangrupa babasan jeung paribasa nu geus disusun ku sababaraha urang pangarang. Anapon buku kumpulan babasan jeung paribasa Sunda nu dimaksud dina ieu panalungtikan, nya éta: *700 Babasan jeung Paribasa Sunda (Ganda Sudirdja:1977)*, *1000 Bababasan jeung Paribasa Sunda (Budi Rahayu Tamsyah:1994)*, *Kamus Basa Sunda (Danadibrata:2006)*. Satuluyna éta data téh dikumpulkeun sarta diwilah-wilah tur dianalisis dumasar kana aspék tatakrama masarakat Sunda.

3.2 Desain Panalungtikan

Desain anu dimaksud dina ieu panalungtikan nya éta mangrupa gambaran léngkah-léngkah panalungtikan, anu tujuanana sangkan panalungtikan bisa kalaksanakeun kalawan lancar, tartib, jeung sistematis. Anapon susunan desain panalungtikan nu dimaksud nya éta: 1) nangtukeun masalah, 2) studi pendahuluan, 3) ngawatesanan jeung ngarumuskeun masalah, 4) ngarumuskeun anggapan dasar, 5) nangtukeun sumber data, 6) nangtukeun jeung nyusun instrumén, 7) ngumpulkeun data, 8) nganalisis data, 9) nyieun kacindekan, jeung 10) nyusun laporan (Arikunto, 2006: 43). Sangkan leuwih jéntré, léngkah-léngkah panalungtikan digambarkeun di handap ieu.



Bagan 3.1 Desain Panalungtikan

3.3 Méthode Panalungtikan

Méthode anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta méthode déskriptip. Méthode déskriptip mangrupa méthode anu ngungkulan pasualan aktual ku cara ngumpulkeun data, nyusun papasingan data, nganalisis, jeung nafsirkeun data. Tujuan ngagunakeun méthode déskriptip dina ieu panalungtikan pikeun meunangkeun gambaran babasan jeung paribasa anu aya patalina jeung unsur budaya tatakrama masarakat Sunda.

Métode nu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta métode déskriptif analitis. Métode déskriptif dipilih lantaran mangrupa métode anu bisa digunakeun pikeun nalungtik kaayaan, kondisi, kajadian, situasi, anu hasilna kalawan disusun dina wangun laporan (Arikunto, 2010:3)

3.4 Wangenan Operasional

Pikeun nyingkahan ayana salah harti ti pamaca kana ieu panalungtikan, dianggap perlu ayana wangenan operasional judul ieu panalungtikan, nya éta:

1. Aspék-aspék tatakrama, nya éta unsur kabudayaan masarakat Sunda nu kudu digunakeun dina kahirupan sapopoé kalawan euyeub ku ajén inajén. Éta aspék téh ngawengku aspék basa, kinetis, jeung aspék hubungan sosial.
2. Babasan, nya éta kekecapan dina wangun kecap rundayan atawa kantétan kalawan mibanda harti injeuman.
3. Paribasa, nya éta runtuyan kecap dina wangun kalimah nu mibanda harti babandingan.
4. Masarakat Sunda, nya éta kumpulan manusa Sunda nu kauger ku ajén-inajén kabudayaan Sunda.

3.5 Instrumén Panalungtikan

Instrumén diperlukeun pikeun meunangkeun data. Data téh bahan anu kacida pentingna pikeun ngajawab masalah panalungtikan. Ieu panalungtikan téh miboga tujuan pikeun ngaguar ngeunaan aspék-aspék tatakrama Sunda nu nyampak dina babasan jeung paribasa Sunda.

Instrumén panalungtikan anu digunakeun pikeun ngumpulkeun data dina ieu panalungtikan nya éta maké slip data. Dina prak-prakan nganalisis data, babasan jeung paribasa ngagunakeun slip data. Anapon pormat slip datana digambarkeun di handap ieu.

Kode data: P.123

Nu geulis jadi werejit nu lenjang jadi baruang
Nu geulis bisa jadi ngabahlakeun ka lalaki atawa salaki

Déskripsi:

Data paribasa (P.123) mibanda makna nu sarua jeung data saméméhna (P.075), nya éta nuduhkeun sikep jalma nu henteu saluyu antara pintonan jeung kalakuan. Amanat nu muncul keur urang nya éta ulah gampang katipu ku pintonan saurang jalma. Ari ukuran hadéna manusa lain mungguh tina tampilanana tapi ahlak anu utama. Jalma anu teu bisa nyaluyukeun antara penampilan jeung polah kaasup jalma nu teu boga tatakrama.

Contona:

Ceu Tuti kawentar wanoja béntang di hiji lembur, antukna loba pamuda anu teu sirikna kagegeloran ku kageulisanana. Sanggeus rumah tangga, salakina sering ngangluh, lantaran ceu Tuti remen kapanggih silih kirim sms nu teu uni jeung lalaki séjén.

Nomer jeung hurup nu muncul di awal data mangrupa no urut jeung kode jinis data (P=Paribasa, B=Babasan), contona: P.123, hartina Paribasa ka saratus dua puluh tilu.

3.6 Téhnik Panalungtikan

Téhnik panalungtikan anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta téhnik ngumpulkeun data jeung téhnik ngolah data.

- **Téhnik Ngumpulkeun Data**

Téhnik anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta téhnik ulikan pustaka jeung analisis téks. Numutkeun Arikunto (1990:75), téhnik talaah pustaka mangrupa kagiatan niténan, neuleuman, nalaah, jeung ngaidéntifikasi pangawé ruh. Dilaksanakeun ku cara neuleuman buku-buku sumber anu aya pakuat-pakait jeung konsép teoritis katut bahasan pasualan panalungtikan.

Ngaliwatan téhnik analisis téks, bahan anu geus dikumpulkeun téh tuluy dianalisis jeung diteuleuman nepi ka kapanggih hubunganana jeung jejer pasualan anu ditalungtik sakumaha anu geus disebutkeun dina rumusan masalah.

- **Téhnik Ngolah Data**

Data dina ieu panalungtikan téh nya éta data babasan jeung paribasa tina buku *1000 Babasan jeung Paribasa Sunda*. Éta data téh diolah ngaliwatan léngkah-léngkah di handap ieu, di antarana:

- 1) Maca buku *1000 Babasan jeung Paribasa Sunda*.
- 2) Nangtukeun jeung nyirian babasan jeung paribasa anu mibanda aspék-aspék tatakrama Sunda.
- 3) Nganoméran babasan jeung paribasa.
- 4) Nganalisis babasan jeung paribasa dumasar harti anu nuduhkeun aspék-aspék tatakrama Sunda.
- 5) Ngadéskripsikeun babasan jeung paribasa Sunda némbongkeun budaya masarakatna.